



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 2 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KOMISYON SOU SOULAJMAN FISKAL POU JWENN FASON POU DIMINYE
CHAJ FISKAL SOU FANMI AK BIZNIS NAN NEW YORK**

***Nouvo Komisyon an Kreye alaswit Refòm Fiskal sou twa Ane ki sot pase yo epi pral gen alatèt li ansyen
Gouvènè Pataki ak Kontwolè McCall***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Komisyon sou Soulajman Fiskal la Eta New York la (Tax Relief Commission) ki pral jwenn fason pou yo diminye taks sou pwopriyete ak biznis Eta a pou bay soulajman pou pwopriyete kay ak biznis nan New York. Rekòmandasyon Komisyon an pou soulajman fiskal chita sou twa lane bidjè responsab, tankou kenbe depans eta a nan nivo 2%, fini ak kowefisyan enfstasyon bidjè ki aplike nan Medicaid ak depans nan edikasyon, refòm pansyon ki pral fè kontribiyab yo ekonomize plizyè dizèn milya dola, ak yon mendèv sèvis piblik ki pi piti. Rekòmandasyon Komisyon an dwe pare pou 6 desanm 2013 pou yo ka mete yo nan mesaj State of the State 2014 Gouvènè a.

“Bidjè responsab ak refòm fiskal ki tabli sou twa dènye ane ki sot pase yo mete eta a nan yon pozisyon pou l konbat ak tout fòs li mantalite “kapital fiskal” ki pandan twò lontan te fè fanmi ak biznis kite New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nouvo Komisyon sou Soulajman Fiskal la gen ladann de nan lidè ki pi respekte nan eta nou an, ansyen Gouvènè Pataki ak Kontwolè Carl McCall, ak tou lòt Nouyòkè kalifye wo nivo ki pral egzamine nouvo fason nou ka diminye taks lou kap peze sou biznis ak fanmi nou yo, epi konsa rann eta nou an pi konpetitif epi bay kwasans ekonomik la jarèt. M espere resevwa rekòmandasyon Komisyon an nan mwa desanm kap vini an pou nou ka mete mezi yo nan ajanda lejislatif ane kap vini an pou ede pote plis soulajman pou kontribiyab New York.”

Komisyon sou Soulajman Fiskal la se yon diplis nan efò Gouvènè a pou senplifye kòd fiskal New York pou rann eta a mwen chè ak pi konpetitif, sa ki pral kreye dyòb epi asire kwasans ekonomi an alafen. Komisyon sou Soulajman Fiskal la pral kolabore ak Komisyon sou Refòm Fiskal ak Ekite a, ki te lanse nan mwa desanm lane pase pou fè yon revizyon konplè politik enpo Eta a, tankou taks sou sosyete, vant ak revni pèsònèl epi fè rekòmandasyon pou amelyore ak senplifye sistèm fiskal aktyèl la.

Fòmasyon Komisyon sou Soulajman Fiskal la te posib grasa twa lane entegrite fiskal ak bidjè responsab kap mete eta nan yon pozisyon pou l egzamine nouvo fason pou pote soulajman fiskal pou Nouyòkè. Men kèk nan mezi ki pran pandan twa dènye ane ki sot pase yo pou restore entegrite fiskal nan pwosesis bidjè a:

Haitian Creole

- 3 bidjè ki te kenbe depans bidjè a nan nivo 2% oubyen pi ba;
- Eliminasyon kowefisyan enflasyon otomatik ki te konn bay ogmantasyon entolerab nan Medicaid ak depans edikasyon;
- Refòm pansyon Nivo VI ki pral fè kontribiyab ekonomize anviwon \$80 milya pandan trant lane kap vini yo;
- Yon mendèv sèvis piblik kap diminye soti 137.000 rive 120.000;
- Twa mache piblik responsab ki pral ekonomize kontribiyab \$450 milyon.

Apati refòm fiskal sa yo, Gouvènè a bay Komisyon sou Soulajman Fiskal la responsablite pou l jwenn nouvo strateji pou pote soulajman fiskal pou pwopriyetè kay, lokatè ak biznis menm jan. Rekòmandasyon Komisyon sou Soulajman Fiskal la ka gen ladan yo lòt soulajman fiskal sou pwopriyete, pwopozisyon pou soulajman fiskal sou biznis pou ankouraje kreyasyon dyòb ak kwasans ekonomik, ak tou lòt lide pou diminye chaj fiskal sou fanmi ak biznis pou rann New York pi konpetitif pa rapòt ak lòt eta yo.

Aksyon Gouvènè a rekonèt New York se yon eta kote taks yo te twò wo pandan twòp ane, sa ki pa bon pou konpetitivite eta a epi fè fanmi ak biznis kite eta a. Travay Gouvènè Cuomo pou l elimine mantalite “kapital fiskal” la te kòmanse nan premye ane li te pran fonksyon lè li te vote premye plafònman taks sou pwopriyete eta a janm genyen. Lòt mezi soulajman fiskal se rediksyon taks ki diminye to enpo klas mwayèn yo nan pi ba nivo yo depi 62 lane, yon kredi enpo \$350 pou fanmi kap travay, ak inisyativ START-UP NY la pou kreye kominote san taks sou kanpis SUNY pou atire jèn antrepriz ak nouvo biznis nan eta a.

Prezidan Carl McCall, Koprezidan Komisyon sou Soulajman Fiskal la, te di konsa, “Taks men wotè se youn nan pi gwo pwoblèm ki frape kwasans ekonomik nan New York. Men antanke ansyen Kontwolè Eta a, mwen kapab di New York nan pi bon sitiyasyon fiskal li janm ye depi plizyè ane grasa efò pèmanan Gouvènè a pou l kontwole depans epi pote dyòb nan New York. Komisyon sa gen chans pou l chita sou siksè sa pou l diminye taks pou klas mwayèn ak fanmi kap travay yo. Se yon privilèj pou m fè pati pwosesis sa pandan Demokrat ak Repibliken ap travay ansanm pou asire kwasans ekonomik eta a atravè yon metòd koperasyon.”

Gouvènè George Pataki, Koprezidan Komisyon sou Soulajman Fiskal la, te di konsa, “Asire kwasans ekonomik epi ankouraje yon klima biznis kap ankouraje kreyasyon dyòb se youn nan wòl pi enpòtan gouvènman ka jwe. Pandan dènye ane yo nan Albany, Gouvènè Cuomo bay prèv lè otorite eli mete politik sou kote pou yo travay ansanm, yo ka bay rezilta pou popilasyon eta sa. Nan sans sa, li reyini yon panèl divès kalte moun ki pral travay ansanm nan yon sèl objektif: bese taks pou Nouyòkè yon fason pou asire kwasans ak devlope ekonomi nou an. Mwen fyè pou m fè pati gwoup sa epi m ap tann pou m travay ak tout kolèg mwen yo nan Komisyon an.”

Nouvo Komisyon an pral gen de prezidan: ansyen Gouvènè George Pataki ak Prezidan Konsèy Administrasyon State University of New York la ki se tou ansyen Kontwolè Eta a, H. Carl McCall

Manm Komisyon sou Soulajman Fiskal yo se:

- George Pataki, ansyen Gouvènè Eta New York
- H. Carl McCall, Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY
- Dall Forsythe, ansyen Direktè Bidjè Eta New York
- Jim Wetzler, Direktè, Deloitte Tax LLP, ak ansyen Manm New York State Tax Commission
- Heather Briccetti, Prezidan & Direktè Jeneral New York State Business Council
- Bill Rudin, Konseye Senyò nan Brown & Weinraub, PLLC
- Jack Quinn, Prezidan, Erie Community College
- Denis M. Hughes, ansyen Prezidan NYS AFL-CIO

Komisyon an pral pibliye yon rapò sou dekouven ak rekòmandasyon li yo nan dat 6 desanm 2013 pou pi ta pou yo ka rantre yo nan Ajanda State of the State 2014 Gouvènè a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418